

DEKLARASYON POU YON POLITIK PIBLIK NAN AGRIKILTIL K AP EDE RANFÒSE SOUVERENTE ALIMANTÈ PEYI A, DIMINYE ENPÒTASYON MANJE, PWOTEJE ANVIWONMAN AN EPI AMELYORE KONDISYON LAVI PEYIZAN YO

Noumenm, òganizasyon ki travay nan domèn agrikilti ak elvaj swa kòm gwoup peyizan, swa kòm enstitisyon k ap akonpaye agrikiltè ak elvè peyi Dayiti, oswa k ap defann dwa lamanjay, n ap suiv avèk anpil enterè aksyon pouvwa Ekzekitif Moyiz/Lafontan an depi li enstale. Nou tande prezidan an deklare li vle relanse pwodiksyon agrikòl la, men nou gen anpil enkyetid sou ki wout l ap pran, paske pèsonn poko konprann ki politik li vle mennen vre nan sektè sa a. Nan tout sa k ap pale yo, nou poko tande anyen ki di pou leve figi agrikilti famiyal peyizan nan ki se baz sistèm agrikòl peyi a. Gouvènman Lafontan/Moyiz la poko klè sou ki agrikilti li vle apiye paske nou poko tande anyen ki di pou tè nan mòn yo ki reprezante 70% nan tè peyi a e ki se kote pi fò peyizanri an ap travay. E menm sa yo di ki fèt nan plenn Latibonit la poko abòde ditou veritab pwoblèm agrikiltè nan plenn yo ap konfwonte.

Prezidan anpale anpil de agrikilti, men yo pa pale de moun k ap fè agrikilti yo. Alòske nou konnen, pa fouti gen devlopman agrikòl san patisipasyon veritab aktè yo ki se peyizan ak peyizan yo, yomenm ki chak jou ap brase tè a, sekle li, plante l, pran swen ti plant yo, rekòlte pwodui latè yo, pote yo al vann nan mache pou pèmèt tout popilasyon an jwenn manje pou li manje.

A vrè di, nou wè, nou tande, prezidan an mobilize anpil traktè, anpil machin loupou kirekannal nan Latibonit, nou wè nou tande anpil lajan ap depanse nan karavan. Menaksyon sa yo pa antre nan okenn politik global pou agrikilti peyi a, e sa prezidan an pretann fè nan plenn yo pamakonnen ak mòn yo kote pi fò peyizan ak peyizan yo ap travay ak bout zong yo. Eske se mizanplas pouvwa a ap fè pou gwo biznis agrikòl, ki pral ranmase tè Leta ak tè peyizan pou fè biznis agrikòl ki pral pwodui pou voye vann aletranje oubyen eske pouvwa a vle vreman ogmante kapasite peyizan ak peyizan yo pou pwodui plis manje pou popilasyon an, e pou al vann aletranje tou, si sa posib. Nou kwè gouvènman Moyiz/Lafontan an dwe pran yon pozisyon klè pou l di ki agrikilti l ap defann. Nou kwè ti resous peyi a genyen dwe sèvi pou ranfòse agrikilti famiyal peyizan nan ki se baz sistèm agrikòl peyi a.

Yon ti rapèl pou fè tout moun sonje sa agrikilti peyizan nan ye, sa li fè pou peyi a

Agrikilti famiyal peyizan nan, se sistèm agrikiltianviwon yon milyon fanmi nan milye riral la ap pratike nan mòn, nan plato, ak nan kèk plenn pou pwodwi manje pou rive nourri fanmi yo epi pou ka jwenn pou al vann sou diferan mache lokal ak rejyonal peyi a. Se yon agrikilti ki trè divèsifye, sa vle di kote moun yo rive prepare plizyè kalite pwodui latè. Se yon agrikilti ki an majorite òganik paske pi fò peyizan yo pa janm itilize pwodwi chimik ki ka koze gwo pwoblèm pou sante moun. Se yon agrikilti ki rive fèt sou plizyè ti mouchwa tè, pafwa san ankadreman teknik, san lòt mwayen tankou zouti, kredi, eksetera. Se yon agrikilti ki jwen yon gwo wòl nan ekonomi peyi a, nan sistèm lamanjay la ak nan sistèm sante a

Jodia, Agrikilti famiyal peyizan nan anba kriz. Malgre sa, li reprezante yon gwo moso nan ekonomi peyi a. Se li ki prensipal aktivite ak sous revni pou prèske tout fanmi peyizan yo. Se li ki bay plis travay nan peyi a.

Jounen jodi a, agrikilti peyizàn familyal la pèmèt Ayiti rive kouvri anviwon 40 % bezwen alimantè popilasyon peyi a. Agrikilti sa a reprezante 23 % nan richès peyi a, sa yo rele PIB a¹.

Gen yon seri moun ki pa janm renmen fòm tèt agrikilti sa a, ki vle pwofitemove pas l ap pase pou kraze l nèt, sou pretèks li pa vo anyen ankò, san yo pa pwopoze okenn solisyon derechanj (altènatif) ni pou peyizan ak peyizàn yo ki viv de li, ni pou peyi a an jeneral. N ap fè tout moun sonje, peyizànri ayisyèn nan ansanm ak agrikilti familyal la jweanpil gwo wòl nan tout listwa peyi a. Depi Ayiti pran lendependans li an 1804 e jous nan lane 1980 yo, sa vle di pandan plis pase 170 zan, prensipal wòl peyizanri an te jwe nan ekonomi peyi a, se te kenbe ak devlope pwodiksyon agrikòl nasyonal la epi asire lanouriti pou popilasyon an. Depi lendependans, Leta ak lelit ekonomik yo fè anpil tantativ pou retounen ak ekonomi gran plantasyon yo, men sa toujou echwe. Se peyizànri an ak jaden li epi gadinaj ak lapèch li fè, ki pwodui ni danre pou peyi a voye vann lòt bo, ni manje pou konsomasyon lokal. Pandan plis pase 170 lane, prèske tout richès nasyonal la te chita sou do agrikilti familyal peyizàn lan; prèske tout travay ki te genyen nan peyi a, se agrikilti familyal peyizan nan ki te kreye yo. Pandan plis pase 170 lane, agrikilti peyizàn lan te asire manje pou plis pase 80% popilasyon an. Pandan plis pase 170 lane se pwodui latè peyi a te vann aletranje (ekspòtasyon) ki te ba l deviz pou l achte pi fò byen li pa fè pa bò isit(enpòtasyon). Se avèk menm travay peyizan yo fè nan latè, Ayiti te jwenn lajan pou l peye Lafrans swadizan sa yo rele dèt lendependans lan.

Malgre pwoblèm k ap frape l, agrikilti familyal peyizàn nan toujou gen posiblite pou l devlope, si dirijan Leta yo sispann aplike yon pakèt move politik k ap plede kraze l. Agrikilti familyal peyizàn nan ka ranfòse, li ka vin pi efikas, li ka bay plis rannman, li ka bay plis moun nan popilasyon an manje, si Leta ak tout lòt aktè ki konsène yo travay pou sa. Nan anpil peyi sou latè ki te panse yo fin devlope, alèkile y ap retounen nan agrikilti peyizàn nan paske yo wè se li ki gen avni, se li ki ka ede konsève lanati epi pwoteje sante moun. Ayiti pa gen okenn rezon pou l voye pa li a jete.

Dapre resansman agrikòl Ministè agrikilti fè, an 2009, gen anviwon 9 495 Km², sa vle di 35% teritwa peyi a, k ap sèvi pou fè agrikilti ak elvaj.² Malgre pwoblèm ewozyon fin depafini tè yo, malgre rannman tè yo ap plede bese, rete toujou anpil posiblite pou agrikilti peyi a, si yo ba l yon chans. “Nan chak depatman, gen divès zòn ki genklima espesifik pa yo ki ka esplwate. Prensipal kilti peyi a fè se mayi, pitimi, pwa, viv yo, legim, fwi ak anpil lòt pwodui ankò. Se pa sèlman diri popilasyon an abitye manje e se pa sa sèlman peyizàn ak peyizan yo pwodui. Si gen yon politik agrikòl tout bon vre k ap mete anplas pou relanse agrikilti nasyonal la, fòk yo teni kont de lòt pwodui sa yo ki bay popilasyon an manje chak jou”.³

Kisa ki lakòz agrikilti peyizàn nan tonbe ba konsa ?

Se apati lane 1980-1990 yo, peyizanri an vin koumanse pa ka pote chay la ankò. Popilasyon an vin ogmante anpil, tè chak fanmi ap travay vin pi piti chak jou, tè yo koumanse depafini anba ewozyon. Anplis

¹Cf, Ralph L. Beauvoir, *La relance du secteur agricole : entre défis et opportunités*, Publié le 2015-07-28 : <http://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/147898/La-relance-du-secteur-agricole-entre-defis-et-opportunités#sthash.0MmimqPJ.dpuf>

²Ernst Mathurin, Gramir, Ekspoze IDHOSOC, 20 me 2016

³PAPDA/GRAMIR, Out 2015, Kaye Revandikasyon òganizasyon Peyizan ak Peyizàn Rejyon Gran Sid, Depatman Grandans, Sid.

de sa, gen yon seri move frapagrikilti peyizàn nan pran anba yon seri gwo siklòn, inondasyon, san konte klima a k ap chanje, ki vin mete abse sou klou. Men pi gwo frap yo, se Leta ayisyen ki bay yo. Pandan lontan, Leta pa fè anyen pou soutni travay peyizan ak peyizàn yo. Nan bidjè li fè chak ane, se toujou mwens pase 5% nan kòb peyi a ki al jwenn sektè agrikòl la.⁴ Pi fò ti lajan sa a se pou peye fonksyonè teknisyen yo pa bay regle anyen nan zafè agrikilti, alewè pou yo ta jwenn mwayen pou fè sektè agrikòl la devlope nan zòn kote yo nonmen yo a. Okontrè, Leta pito adopte yon bann politik baryè lib ak enpòtasyon ki pa anfavè ni peyizan yo, ni sistèm agrikòl peyi a.

N ap fè sonje, depi tout tan, Leta ayisyen toujou gen yon konpòtman anti-peyizan. Pandan plizyè fwa nan listwa peyi a, olye li soutni agrikilti famiyal peyizàn nan, li pito fè yon bann esperyans agwobiznis, souvan nan kraze ti peyizan yo, pran tè yo pou bay bizismann pou fè gwo plantasyon. Pi pre nou la, Leta ayisyen rekoumanse distribye tè agrikòl bay yon bann gwo bizismann ki pa t janm nan zafè agrikilti pou yo ka fè gwo pwojè zòn franch, pwojè touristik, esplwatasyon min ak agwobiznis, jan sa ap fèt nan jou sa yo nan zòn Nòdès la. Pandanstan, kantite peyizan ki pa gen tè yo ap ogmante e yo pa jwenn tè ak mwayen pou yo travay. Chak fwa, apre gwo bizismann yo fin esplwate tè a pou mete pit, kawotchou ak lòt pwodui peyi etranje te bezwen, depi biznis la pa enteresan ankò pou voye vann lòt bo, bizismann sa yo kraze yon kite sa. Se grasa a travay peyizan ak peyizàn yo ki pa janm lage kilti manje a, ki fè peyi a te toujou kontinye viv, paske kèkilanswa jan sa ye, moun sa yo, nou rele abitan yo, toujou kontinye pwodui manje pou fanmi yo ak pou rès popilasyon an.

Nan kòmansman lane 1980 yo, Leta ayisyen, sou presyon Etazini, masakre kochon kreyòl yo epi antre peyi a anba plan lanmò politik neyoliberal yo, sa ki kase ren agrikilti famiyal peyizàn nan nèt. Nan dènye tan sa yo, espesyalman apati 1996, se politik baryè lib la Leta aplike nèt pou l fin kraze agrikilti peyizan yo. Li bayavantaj bab e moustach pou pwodui etranje yo antre epi li vag sou tout sa peyi a pwodui. Detan li bese tarif ladwàn yo soti 50% rive jous nan preske zewo pousan pou pwodui etranje yo, li pa bay peyizàn ak peyizanyo okenn mwayen pou relve agrikilti ak elvaj la ni pou l fè lapèch yon lòt jan. Li lage yo debra pandye pou yo degaje yo fè, rive fè konkirans ak yon bann pwodui etranje kote moun ki fè yo a, yomenm, jwenn sipò Leta lakay yo.

Se move konkirans sa a ansanm ak tout lòt bagay nou sot site la yoki fè agrikilti a fè bak konsa an Ayiti e ki lakòz chak jou pi plis, peyi a ap pèdi dwa granmoun li nan zafè lamanjay. Se rezon sa yo tou ki fè chak jou gen plis peyizan ak peyizàn k ap vin pi pòv, epi y ap kouri kite pwovens yo pou vin nan bidonvil yo, oswa yo travèse fwontyè a pou y al chache lavi lakay vwazen, oswa yo pran kanntè. Jounen jodi a, milye riral la se kote ki pi pòv nan peyi a. Dapre yon etid Acted ak CNSA te fè an 2015 sou rasin ensekirite nan zafè lamanjay an Ayiti, « Gwo mizè a pi wo nan milye riral la. Sou chak 100 moun ki nan ensekirite alimantè, 88% soti nan milye riral la kont 45% nan zòn metropolitèn Potoprens paregzap »⁵.

Kriz agrikilti peyizàn famiyal la gen konsekans sou tout sektè nan lavi nasyonal la. Youn nan konsekans ki pi vizib devan je nou la, se fason yon bann bidonvil ap pouse nan vil yo ak moun k ap kouri kite pwovens yo paske yo pa ka viv ankò nan milye riral la. Yon lòt konsekans, se espektak ki bay tristès n ap asiste kote yon pakèt jèn, anpil nan yo soti nan milye riral la, kap kouri kite peyi a pou ale nan Amerik Disid, espesyalman nan peyi Brezil ak nan Chili.

⁴Idem

⁵<http://www.acted.org/fr/causes-ins-curit-alimentaire-en-ha-ti>, P.13

Pou nou soti nan katyouboumbe sa a, fòk peyi a adopte epi mete an aplikasyon yon politik agrikòl klèk ap ede:

- Elimine movekonkirans ant gwo pwodiktè peyi etranje ki benefisye gwo sibvansyon nan men Leta lakay yo ap fè ak ti pwodiktè yo an Ayiti ki pa jwenn ni prè, ni sibvansyon nan men Leta ayisyen.
- Transfòme jaden tradisyonèl yo an yon sistèm agwoekolojik ki pi dirab e ki pi rantab pou peyizan yo
- Ede peyizan yo gen sekirite sou tè yo, jwenn plis tè pou yo travay, jwenn bon jan ankadreman teknik ak lòt mwayen tankou bon jan semans, zouti, dlo, bon ras bèt, kredi elatriye.
- Bay metye agrikiltè a valè epi ankouraje jenn yo travay latè epi rete nan milye rural la.

Se pou rive nan objektif sa yo, ki fè noumenm òganizasyon ki travay nan domèn agrikilti ak elvaj swa kòm gwoup peyizan, swa kòm enstitisyon k ap akonpaye agrikiltè ak elvè peyi Dayiti, oswa k ap defann dwa lamanjay, nou fè pwopozisyon sayo.

Pwopozisyon pou yon politik piblik konsekan nan zafè agrikilti, elvajak lapèch pou Ayiti jounen jodi a

Yon politik agrikòl konsekan pou Ayiti jodi a dwe dabò ANKOURAJE AGRIKILTIL FAMILYAL PEYIZAN NAN. Li dwe ede peyizan ak peyizan yo, nan mòn kou nan plenn, leve eskap figi jaden yo, fè gadinaj bèt ak lapèch pi byen. Lidwe ede peyizanri an remanbre tè yo, jwenn plis tè ak ankadreman pou yo travay pi byen. Yon politik agrikòl konsekan dwe mete nan tout seksyon kominal ak bitasyon yo sèvis de baz peyizanri an bezwen tankou lekòl, sant sante, dlo potab, wout pou y al vanndanre yo, yon fason pou edeyo rete lakay yo, olye yo kouri vin nan bidonvil oswa ale lakay vwazen. Yon veritab politik agrikòl dwe ranfòse souverènte alimantè peyi a, sa vle di dwa granmoun li pou l bay popilasyon li a manje sa li deside manje. Anmenm tan, politik sa a dwe ankouraje pwoteksyon anviwonman epi amelyore kondisyon lavi peyizan ak peyizan yo.

Men sou kèk aspè Leta ayisyen ta dwe aji prese prese pou relanse pwodiksyon agrikòl la tout bon vre epi wete agrikilti famiyal peyizan lan nan kriz.

1. Chwazi mennen politik ekonomik ki anfavè peyi a ak anfavè sa li pwodui

Pou agrikilti a relanse tout bon vre an Ayiti jodi a, fòk Leta chanje politik ekonomik l ap mennen an. Depi kèk tan, Leta ayisyen ap fonksyone sou baz yon politik enpòtasyon kote li gade dabò aletranje pou tout sa peyi a bezwen, menm sa li ka pwodui. Politik ekonomik sa a ki anfavè yon ti gwoup enpòtatè, fè Leta ayisyen jwenn kèk ti grapday kòm taks ki pa menm pèmèt li fonksyone. Pou kenbe politik enpòtasyon sa a, peyi a bezwen chak jou depanse plis dola pou achte aletranje, sa ki fè dola a ap plede monte konsa. Youn nan kote peyi adepanse anpil dola, se nan achte manje aletranje. Dapre ekonomis Leslie Pean, depans peyi a fè pou achte manje aletranje double soti 2001 pou rive 2010.⁶ Alèkile, se plis pase 700

⁶ Leslie Péan, « Une économie de simulacres » dans Le Nouvelliste, 25 janvier 2013, cité par Fréric Thomas dans Haïti : un modèle de développement anti-paysan / Cetri, Décembre 2014.

million dola ameriken Ayiti bezwen chak ane pou l achte manje ki soti aletranje. Pi fò nan pwodui sa yo, se bagay nou kapab fè an Ayiti. Dapre yon rapò Inyon Ewopeyèn, an 2015, Ayiti te achte aletranje senk fwa plis pase sa li te voye vann.⁷ Si nou pwodui plis manje lakay nou, popilasyon an ap jwenn manje ki pi bon pou l manje epi n ap kenbe dola yo anndan peyi a. Sa va ede diminye presyon sou to chanj la, fè dola a bese epi diminye pri pwodui premye nesosite yo.

Anplis de sa, pou yon politik ki anfavè agrikilti peyi a mache, fòk gen plizyè lòt meziyan ki akonpaye l, tankou:

- Mezi pou sispann baryè lib la, sa vle di pa pèmèt pwodui enpòte yo fè move konkirans jan yo vle ak pwodwi ki fèt anndan peyi a. Menm si pwodiksyon lamanjay la ogmante, si anyen pa fèt pou frennen baryè lib la, se lave men siye atè.
- Plis tè pou agrikiltè yo; bon akonpayman ak mwayen teknik pou yo travay, dekwa pou kantite manje ki disponib nan peyi a ogmante. Gen yon bann tè k ap gaspiye, ki pa esplwate alòske gen yon bann peyizan ak peyizàn ki bezwen tè pou yo travay. Leta dwe pran dispozisyon pou tout tè ki ka fè manje kiltive, nan plenn kou nan mòn. Pou sa fèt, Leta dwe bay agrikiltè ki vle travayyo, tè pou yo travay, epi wouze yon bann tè nan plenn ki ka fè manje. Anmenm tan, li dwe founi plis akonpayman teknik, kredi agrikòl, bon zouti ki adapte a travay tè ki nan mòn ak tè ki nan plenn e pa sèlman traktè; li dwe pote amelyorasyon nan zafè transpò, nan wout agrikòl yo, nan konsèvasyon ak transfòmasyon pwodui yo pou evite gaspiyaj.
- Resous peyi a genyen tankou lajan, tè, dlo, dwe sèvi dabò pou pwodui manje pou popilasyon an, epi si posib voye vann aletranje.
- Mezi pou pase men nan yon seri lwa ki gen rapò ak travay latè, espesyalman lwa sou pataj tè pou evite fanmi yo kontinye divize tè a an miyèt moso. Palman an dwe vote tou lwa ki pi koresponn a lavi nan milye riral la jounen jodi a.

2. Makonnen tout travay agrikòl ak pwoteksyon anviwonman an.

Ayiti se yon peyi kote pi fò tè yo an pant (nou gen 70% mòn, 30% plenn). Pi fò nan tè sa yo degrade anpil. Sa ki lakòz inondasyon, deboulonnay tè ak gwo dega lè lapli tonbe. Sa ki lakòz toutè nan plenn kou tè nan mòn vin bay mwens rannman. Fè baray, konstwi kannal, netwaye kannal, se lave men siye atè si anyen pa fèt pou kenbe tè nan mòn yo. Pi gwo defi peyi Dayiti genyen jodi a, se ede peyizànri an pwodui pi byen, pi plis, detan l ap pwoteje anviwonman an, detan l ap pote kole pou ede refè zòn ki fin degrade yo. Kidonk, yon veritab politik agrikòl an Ayiti jounen jodi a dwe makonnen mòn yo ak plenn yo; li dwe makonnen agrikilti ak pwoteksyon anviwonman. Leta dwe defini e aplike yon politik amenajman tèritwa ki mache ak reyabilitasyon basen vèsan yo pandan l ap akonpaye tout moun k ap fè agrikilti pou yo adopte metòd ki pa p kraze anviwonman an. Leta dwe pran tou mezi k ap ankouraje peyizan yo adopte nouvo teknik pou yo travay. Pou ankouraje peyizan yo abandone yon seri abitud ki pa bon pou anviwonman an, epi pou ede yo travay tè a yon lòt jan ak teknik k ap pwoteje anviwonman an, Leta dwe bay peyizan yo yon fòm sibvansyon. Paregzanp, pandan sezon sèch kote pa gen rekòt nan zòn ki pa wouze, Leta ta dwe kreye anpil gwo chantye travay konsèvasyon sòl k ap pèmèt peyizan ak peyizàn nan zòn sa yo jwenn travay, san yo pa bezwen koupe pyebwa pou yo viv. Se va yon bon altènativ pou sitiyan jodi a. Travay sa yo taede

⁷ Cf, European Union, Trade in goods with Haiti, http://trade.ec.europa.eu/doclib/docs/2006/september/tradoc_113385.pdf, P. 8.

agrikiltè sa yo mete anplas yon seri ti antrepriz agrikòl k ap pèmèt yo travèse peryòd mòt sezon yo santwòp difikilte.

3. Pran mezi pou diminye firamezi itilizasyon bwaak zafè fè chabon an

Nan kad yon politik agrikòl ki fè sans pou Ayiti, Leta dwe pran, prese prese, mezi k ap ede retire presyon sou pyebwa yo epi bay efò rebwazman k ap fèt yo, plis chans pou yo reyisi. Politik agrikòl la ta dwe ankouraje epi ankadre peyizan ki vle fè ti forè enèjetik pou fè chabon. Gen kote moun yo abitye aji konsa deja, men yo pa esplwate ti forè sa yo byen. Leta ta dwe montre yo ki kote pou yo plante pyebwa pou fè chabon, detan li entèdi yo koupe bwa yon seri kote ki pa p bon pou anviwonman an. Anmenm tan, Leta dwe chache lòt solisyon pou zafè chabon bwa a ak pou zafè kofraj ak bwa di nan konstriksyon; li dwe fè rebwazman pou ogmante firamezi kantite pyebwa nan peyi a. Pwogram rebwazman sa yo dwe fèt byen, yon jan pou pwoteje basen vèsan yo ak rezèv dlo yo.

4. Pran mezi pou amelyore sèvis de baz yo nan milye riral la

Yon politik agrikòl ki fè sans dwe gen ladan l aktivite k ap ede amelyore, nan milye riral la, sèvis de baz yo tankou edikasyon ak lasante. Se sèl kondisyon pou agrikiltè yo soti nan sik lamizè a, epi pou jèn yo ki gen tandans kite sektè sa a, vin enterese travay ladan. Leta dwe mete anplas estrateji k ap retire sou do peyizan a yon seri gwo depans tankou depans pou edikasyon timoun yo, pou swen sante fanmi an, eksetera. Li dwe pran anchaj nan milye riral la yon seri depans ki lakòz, abitan yo pa janm ka jwenn ase kòb pou reyenvesti nan agrikilti a. Li dwe ede yo pran asirans pou gwo risk yo pran lè y ap mennen aktivite agrikòl yo, tankou risk move tan, bèt parasit ki ka vin manje jaden yo.

5. Bay agrikilti valè, ankouraje jèn yo travay latè epi fè edikasyon timoun yo pou yo renmen agrikilti ak elvaj

An Ayiti, yo pa rekonèt agrikilti kòm yon metye e yo pa bay travay agrikòl la valè. Yon politik agrikòl konsekan dwe chache chanje mantalite sa a. Leta dwe mete anplas pwogram anndan lekòl yo pou aprann timoun yo, depi tou piti kisa agrikilti ye, pou aprann yo renmen travay latè epi pwoteje anviwonman an. Li dwe tou ankouraje nan tout nivo nan sosyete a, espesyalman nan administrasyon piblik ak prive konpòtman ki respekte peyizan yo ak travay y ap fè. Anmenm tan, Leta ta dwe rekonèt agrikilti kòm yon metye epi ankouraje lekòl teknik yo, piblik kou prive, fòm jenn fi ak jenn gason pou vin tounen agrikiltè. Se yon fason pou vin gen moun ak nouvo konesans k ap antre nan sektè agrikòl la pou modènize li. Nan sans sa a, Leta ta dwe mete aladispozisyon jenn fi ak jenn gason ki enterese mwayennesesè pou yo travay latè tankou kredi, tè, semans eksetera.

6. Bay travay fanm agrikiltris yo valè epi mete mwayen aladispozisyon yo

Fanm ayisyèn yo jwe yon gwo wòl nan sistèm agrikòl peyi a, keseswa nan moman plante, nan rekòlte, pote vann nan mache, prepare manje, konsève, transfòm pwodui yo, eksetera. Fanm agrikiltris yo bezwen tè pou yo travay, fòmasyon, kredi pou achte bèt pou transpòte rekòt yo nan mache, pou achte estòk pou y al revann, eksetera. Anpil fwa, kondisyon medam yo ap vann nan mache yo pa bon. Yo bezwen bon jan mache kote gen liyèn pou yo vann nan diyite, bon wout ak mwayen transpò epi sekirite pou yomenm akpou machandiz yo. Yon politik agrikòl konsekan ki bay agrikilti peyizan nan priyorite pa ka bliye fanm agrikiltris yo. Li dwe pote repons konsekan a pwoblèm fanm sa yo.

7. Prensipal eksperyans ki fèt an Ayiti de jà ki ka itil yon politik agrikòl konsekan

Nan plizyè kote nan peyi a, gen esperyans ki fèt de jà kote yo devlope yon modèl agrikilti ki sèvi ak teknik pou pwodui manje, pou fè gadinay detan y ap pwoteje anviwonman an. Yo rele modèl sa a agwo-ekolojioswa agwoforestye. Se yon modèl ki bay rannman nan tout sans ni pou ekonomi an, ni pou fanmi yo ki jwenn manje tout tan, ni pou bèt yo, ni pou anviwonman an. Gen òganizasyon peyizan, gen enstitisyon k ap travay nan milye rural la, ki konn manyen teknik agwo-ekoloji oswa agwoforestye yo byen. Nan sans sa a, nou pwopoze pou Leta chwazi modèl sa a kòm sistèm ki pou pataje tout kote nan peyi a. Modèl sa a, plis sanble ak sa peyizànri ayisyen anabitye fè de jà. L ap ede peyizan ak peyizàn yo, siyo jwenn akonpayman ak ankourajman pou yo, travay tè a pi byen, fè elvaj pi byen, detan y ap refè tè yo, pwodui manje epi pwoteje anviwonman an. Leta, atravè Ministè Agrikilti, men nan men ak Ministè Anviwonman, ka fòme anpil jenn gason ak jenn fanm nan domèn agwo-ekoloji, agwoforestye epi mete yo osèvis peyizànri a pou ba agrikiltè ak agrikiltris yo pi bon akonpaymanteknik pou yo travay. Nan kòb ki disponib pou kreye plizyè lekòl pwofesyonèl nan divès depatman, nou mande pou yon bon pati sèvi pou fòme rapidman jenn fi ak jenn gason nan teknik agrikòl sou modèl agwo-ekoloji a epi voye yo, prese prese, al travay ak peyizànri apou remanbre agrikilti a ak pou refè anviwonman an.

Yon lòt pa, gen yon bann esperyans ki fèt tou nan konsèvasyon ak transfòmasyon pwodui agrikòl ki ka sèvi nan yon politik agrikòl konsekan. Gen yon bann ekpozisyon pwodui latè ak atiza ki fèt tanzantan plizyè kote pou montre sa yon zòn ka fè. Yon politik agrikòl konsekan ta dwe ankouraje jefò sa yo k ap mete an valè pwodui agrikòl yo ak atizana ki fèt apati de yo.

8. Aktè ki dwe pote kole nanyon politik piblik nan zafè agrikilti ak elvaj

Peizan ak peyizàn yo k ap travay nan plis pase yon milyon ekspwatasyon agrikòl famiyal⁸ nan tout peyi a, nan mòn kou nan plenn, sila yo k ap fè elvaj ak lapèch, se premye aktè nan tout politik piblik Ayiti ta vle mete anplas pou retire sektè agrikòl la nan sityasyon kriz l ap woule ladan an depi yon bon bout tan. Anpil kote, peyizan ak peyizàn sa yo, se manm gwoupman (swa se gwoup tradisyonèl tankou koumbit, rara) oswa gwoupman ki pi modèn. Anpil kote, gwoupman sa yo de jà mete tèt yo an asosiyasyon ki pi laj, an federasyon kominal, depatmantal e sèten mouvman menm rive nan nivo nasyonal kote yo gen moun ak estrikti ki reprezante yo.

Yon dezyèm gwoup aktè ki fondamantal nan devlopman yon politik agrikòl an Ayiti se tout antreprenè, piti kou mwayen, ki deside investi poukont yo oswa ansanm avèk lòt moun nan yon seri aktivite ki makonnen ak agrikilti peyizàn nan e k ap ede l vance. Moun sa yo investi nan teknikak zouti agrikòl, nan mete plis tè an valè, nan achte ekipman pou produi oswa pou transfòme pwodui agrikòl yo, pou fè elvaj, yon fason pou amelyore kondisyon pwodiksyon an ap fèt epi pèmèt yon seri pwodui ki soti nan latè vin pi disponib sou mache lokal la.

Yon lòt gwoup ankò, se transpòtè yo, chofè kamyon yo, sila yoki monte bèt oswa ki pran apye, pou fè pwodui jaden yo sikile nan tout peyi a soti yon kote ale nan yon lòt. Pami yo, nou wè anpil fanm k ap vann

⁸ http://agriculture.gouv.ht/statistiques_agricolesEnquetesexploitations/Dossier-Presentation/Exploitants

nan mache yo, k ap monte sou tèt kamyon, k ap brave danje move wout oswa ki pote pwodui yo sou zo bwa tèt yo pou al vann nan mache. Yon politik agrikòl konsekan, pa ka kite moun sa yo dèyè.

Yon lòt gwoup ankò, se teknisyen ak teknisyèn agrikòl yo ansanm ak tout enstitisyon piblik kou prive, tankou kèk ONG ki, mal kou mizè, e sou tout kalite fòm, ap pote api yo direktman bay peyizan yo swa sou fòmankadremman teknik, fòmasyon, nan bay ti kredi, nan bay api pou ede peyizan yo transfòm ak pou vann sa yo fè nan jaden yo.

Yon lòt gwoup ankò se jenn ki soti nan milye riral yo, jenn ki pase nan lekòl teknik agrikòl yo e ki koumanse enterese jounen jodi a nan agrikilti kòm yon sektè kote yo ka travay pou fè kòb e pou prepare lavni yo.

Nou pa ka bliyetout enstitisyon Leta yo, espesyalman Ministè agrikilti ak tout biwo agrikòl Kominal yo, biwo Ministè Anviwonman ki ta dwe pi desantralize, ki ta dwe travay men nan men ak Ministè Agrikilti, dekwa pou yo jwe wòl yo kòrektman bò kote peyizan yo.

Nan politik agrikòl sa a, Ministè Edikasyon Nasyonal ta dwe jwe yon gwo wòl pou fòm elèv lekòl yo, piblik kou prive, nan zafè agrikilti ak agwoekoloji, pou aprann timoun yo kisa agrikilti peyizan nan ye, epi ankouraje yo renmen lanati, pwoteje anviwonman epi apresye travay latè ak moun k ap fè agrikilti. Nan gwo konbit edikasyon sa a, Ministè Edikasyon Nasyonal ta dwe travay men nan men ak yon pakèt lòt enstitisyon ki koumanse deja fè edikasyon timoun yo nan sans sa a, tankou paregzanp rezo lekòl vèt yo, rezo lekòl GRD yo ekstera. Li ta dwe tou travay ak lòt sektè ki pa lekòl men ki koumanse fè edikasyon popilasyon an nan domèn anviwonman tankou yon seri legliz k ap devlope alèkile yon diskou ki chita sou nesesite pou tout moun pwoteje lanati kòm yon byen ki pou tout moun.

Tout aktè sa yo reprezante yon bèl opòtinite pou sektè agrikòl la nan peyi Dayiti. E si gen yon politik konsekan k ap mete anplas pou relanse pwodiksyon agrikòl la, sektè elvaj ak lapèch nan peyi a, tout aktè sa yo pa fouti rete dèyè. Si peyi a mete tout fòs sa yo, tout resous sa yo ansanm, nan yon seri aksyon byen kowòdone avèk yon Leta k ap apiye peyizan an, n ap rive retire agrikilti nasyonal la nan twou kote li tonbe a. Nan sans sa a, nou ankouraje pou nan chak zòn, tankou paregzanp chak seksyon kominal oswa chak komin, tout aktè ki vle ranfòse agrikilti familyal peyizan nan e ki vle travay pou pwoteje anviwonman an chita ansanm men nan men ak otorite lokal yo pou defini priyorite yo, estrateji yo, epi koumanse travay ansanm.

Tout politik agrikòl nan peyi a ki fè sans, dwe gen kòm objektif pou rann peyizan an ayisyen an jistis pou tout sa li pote nan lavi peyi a, depi lendepandans jous jounen jodi a, e non pa pou detwi li. Tout politik agrikòl konsekan dwe rekonèt gwo wòl jaden ak gadinaj peyizan ak peyizan yo ap jwe nan ekonomi peyi a. Tout politik agrikòl konsekan dwe rekonèt peyizan ak peyizan yo kòm moun, kòm sitwayen ak sitwayèn total kapital ki pote yon gwo kontribisyon nan ekonomi peyi a e ki merite respè.

Pou yon politik piblik konsekan nan domèn agrikòl konsekan an Ayiti

Yon politik agrikòl konsekan dwe rekonèt nesosite jounen jodi a pou refòme sistèm agrikilti peyizàn nan ki an kriz, san yo pa rejte li ansanm ak tout peyizàn yo. Yon bon politik agrikòl dwe ede pwodiktè ak pwodiktris agrikòl yo konstwi bon jan alyans ak lòt sektè nan ekonomi an, tankou sektè k ap transfòme pwodui agrikòl yo, sektè k ap fè komès oswa k ap transpòte pwodui sa yo, sektè k ap fè fòmasyon ak rechèch, yon fason pou sektè agrikòl la vin pi dyanm epi pou li pa rete izole.

Pou n fini, n ap fè tout moun sonje, agrikilti familyal peyizàn nan ki se baz sistèm agrikòl peyi a, pa ka disparèt. Pandan lontan, se limenm ki te soutni peyi a e jous kounye a, li nouri anpil bouch. Se politik Leta a mennen ki mete agrikilti sa a sou lagraba konsa. Se responsablite Leta pou l pran yon lòt direksyon pou leve eskap figi agrikilti peyi a.

Ayiti, 3 Oktòb2017,

| Oganizasyon oswa enstitisyon | Non moun ki siyen pou li |
|--|---------------------------------|
| Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen | |
| Konbit Peyizan NIP (KNFP) | |
| Altènativ Vèt | |
| Sant pou Lakilti ak Devlopman Karis (SKDK) | |
| ITECA | |
| VETERIMED | |
| PADED | |
| GADRU | |
| Konbit pou Ranfòse Aksyon Lakay (KORAL) | |
| KNFP | |
| POHDH | |
| CE-JILAP | |
| GRAMIR | |
| IRATAM | |
| CONCERT-ACTION | |

Moun ki apiye deklarasyon sa a.

| Non moun nan | Kote li siyen |
|---------------------|----------------------|
| Grasita Osias | |
| Colette Lespinasse | |
| | |

N.B. NOU LOUVRI DEKLARASYON POU TOUT OGANIZASYON AK PÈSONALITE AN AYITI OSWA ALETRANJE KI DAKO AK LI E KI DESIDE POTE KOLE POU NOU GEN YON VERITAB POLITIK AGRIKÒL K AP ANKOURAJE EPI RANFÒSE AGRIKILTİ FAMILYAL PEYIZÀN NAN.